PlusOne

# Rodza Pfungwa ChiShona

Bhuku remudzidzisi

Heritage-Based Curriculum
HBC
MOPSE APPROVED

ECD B



Chenai D. Masama

PlusOne

# Rodza Pfungwa ChiShona

## ECD B

Bhuku romudzidzisi

SECONDARY BOOK PRESS
Anchors of the schools curricula

**Published by:**
Secondary Book Press Private Limited
4th Floor, CABS Centre Building,
Cnr Jason Moyo & 2nd Street,
Harare, Zimbabwe
Tel: +263 242 771 406 | +263 242 753 201
Mobile: +263 712 560 870 | +263 788 954 870
Email: sales@secondarybookpress.co.zw
Website: www.secondarybookpress.co.zw

**PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona | ECD B - Bhuku romudzidzisi**

**ISBN:** 978-1-77932-154-1

First Published in 2025

Copyright: Secondary Book Press

Editor-in-Chief: Munyaradzi Gunduza
Development Editor: Reggies Chapwanya
Design and text layout: Nesbert T. Gotekote

Every effort has been made to trace the copyright holders. In the event of unintentional omissions or errors, any information that would enable the publisher to make the proper arrangements will be appreciated.

All rights reserved. No part of this publication may be reproduced, stored in a retrieval system, or transmitted in any form or by any means, electronic, mechanical, photocopying, recording or otherwise, without prior permission of the copyright owner.

# Zviri mukati

**Chikamu 1: Nzwisiso** ........ 1
Kuverenga kubva kumusoro kuenda kuzasi ........ 1
Kuverenga kubva kuruboshwe kuenda kurudyi ........ 2
Ini ........ 3
Mhuri yangu ........ 4
Hukama ........ 4
Shamwari dzangu ........ 5
Zambiringa munyemba ........ 6
Zvokufambisa ........ 7
Midziyo yekare ........ 8
Kunyora ........ 8
Midziyo yaishandiswa kubva kare ........ 9
Kushambidza muviri wangu ........ 10
Ruzha kubva munharaunda ........ 10
Ruzha rwemhuka dzepamba ........ 11
Ruzha rwemhuka dzemusango ........ 12
Chiitiko chinofadza ........ 12
Zviitiko zvakanaka ........ 14
Mhuka nevana vadzo ........ 14
Zvandinofarira ........ 15
Mabatirwo ezvinyoreso ........ 16
Mapateni ........ 17
Kuverenga ........ 19
Zvifambiso ........ 19
Kunyora ........ 20
Chikoro chedu ........ 20
Imba yedu ........ 21

**Chikamu 2: Kushandisa mutauro** ........ 22
Kwaziso ine rukudzo ........ 22
Tsvaga pane musiyano ........ 23
Kukumbira ........ 24
Mazita ezvinhu ........ 24

Kunanganidza zvakafanana ..... 25
Midziyo ..... 25
Taura nekuverenga mifananidzo ..... 26
Kuverenga mifananidzo ..... 27
Ndechipi chinotevera ..... 27
Manhamba ..... 28
Kuverenga michero ..... 29
Wirirano yezita nechiito ..... 29

**Chikamu 3: Maumbirwo emutauro ..... 31**
Midziyo yemumba ..... 31
Zvinhu zvinowanikwa kuchikoro ..... 32
Mhuka dzepamba ..... 32
Mhuka dzemusango netsananguro ..... 34
Taura zvinhu zvinoenderana ..... 34
Taura zvinhu zvisingaenderane ..... 35
Kutsanangudza zvinhu/mamiriro ezvinhu ..... 36
Kutsanangura zviri pamifananidzo ..... 36
Chinhu chiri pai? ..... 37
Mazwi ekuita ..... 38
Kutsanangura zvinhu zvakasiyana ..... 39

**Chikamu 4: Nhau, nyaya nengano ..... 40**
Mutambo webhora ..... 40
Ngano ..... 41
Nyaya yekubatsira ..... 42
Makundano pachikoro ..... 42
Taura zviri kuitika ..... 42
Kutevedzera zvokuita ..... 43
Zvandinonzwa ..... 44

**Chikamu 5: Tsika nemagariro ..... 45**
Zokudya zvemuZimbabwe ..... 45
Michero yemuZimbabwe ..... 46
Midziyo yekuimbisa ..... 46
Zviridzwa zvemuZimbabwe ..... 48

Chikamu

# 1 Nzwisiso

## Kuverenga kubva kumusoro kuenda kuzasi

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kuverenga kubva kumusoro vachienda kuzasi.
b. kukara mifananidzo yakapihwa.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 1**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Makadhi ane mifananidzo.
- Zvinyoreso

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi anoimba rwiyo 'hande kuchikoro' navadzidzi.
- Vadzidzi vanotaura mazita avo uye zita rechikoro chavo.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti vanhu vanoverenga kubva kumusoro vachienda kuzasi.
- Vadzidzi vanonongedzera kumusoro.
- Vadzidzi vanonongedzera kuzasi.
- Vadzidzi vanotaura zvirikuitika pamifananidzo.
- Vadzidzi vanoronga mifananidzo kubva painotangira kusvika pekupedzisira vachibva kumusoro vachienda kuzasi.
- Vadzidzi vanokara mifananidzo.

## Kuverenga kubva kuruboshwe kuenda kurudyi

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kuverenga vachibva kuruboshwe vachienda kurudyi.
b. kunongedza neruoko rwekurudyi.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 2**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mifananidzo yehuku, nhiyo, mombe, danga, chikoro, mwana wechikoro uye mhuri.
- Zvinyoreso

**Batsiridzo yemudzidzisi**

- Mudzidzisi navadzidzi vanoimba rwiyo vachinongedza mativi.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti vachaverenga vachibva kuruboshwe vachienda kurudyi.
- Vadzidzi vanosimudza ruoko rwekuruboshwe.
- Vadzidzi vanosimudza ruoko rwekurudyi.
- Vadzidzi vanotevedzera mifananidzo kubva kuruboshwe vachienda kurudyi vobva vataura kurikuenda mhuka kana vanhu vari pamifananidzo yacho.
- Vadzidzi vanokara mifananidzo yakapihwa pa**peji 2**.

## Ini

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kutaura zita rake rakazara.
b. kukara mufananidzo sezvakaitwa pamusoro pepeji 3.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 3**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mifananidzo yevadzidzi vakapfeka mayunifomu echikoro. Yunifomu yechikoro yevakomana uye yevasikana.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi pamwe nomudzidzisi vanoimba 'dudu muduri' vachitaura mazita avo.
- Mudzidzisi anotaura zita rake, makore uye kwanogara.
- Vadzidzi vanopana mikana kutaura mazita avo, kwavanogara uye makore avo.
- Vadzidzi vanotaura kuti vakomana here kana kuti vasikana.
- Vadzidzi vanosarudza yunifomu yakafanana neyavanopfeka.
- Vadzidzi vanotaura kuti vanhu vari pamifananidzo vakomana here kana vasikana.
- Vadzidzi vanokara mufananidzo wakafanana navo. Musikana anokara musikana. Mukomana anokara mukomana.

# Ini

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kudhirowa mufananidzo wavo unemitezo yakakwana.
b kutaura mutupo wavo.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 4**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mifananidzo yevadzidzi.
- Zvinyoreso

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi navadzidzi vanoimba nziyo dzemufaro.
- Mudzidzisi anodhirowa mufananidzo wake pachidziro.
- Mudzidzisi anotaura zita rake, kwanogara uye mutupo wake.
- Vadzidzi vanotaura mazita avo nekwavanogara uye mitupo yavo.
- Vadzidzi vanokurukura mitupo yavo nezvavanoyera.
- Vadzidzi vanozvidhirowa vaine mitezo yese yemuviri.
- Vadzidzi vanoimba nziyo vachiombera.

# Mhuri yangu

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kudoma vanhu vari mumhuri mavo vaviri.
b kutaura zita raamai vake nerababa vake.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 5**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mifananidzo yemhuri. Zvinyoreso

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi navadzidzi vanoimba ‘vashanu mumhuri’.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti mhuri dzakasiyana asi nhasi vachadzidza pamusoro pemhuri inoti amai, baba, hanzvadzi komana uye hanzvadzi sikana.
- Vadzidzi vanotaura mazita evanhu vekumhuri kwavo.
- Vadzidzi vanotaura zita rababa vake.
- Vadzidzi vanotaura zita ramai vavo.
- Vadzidzi vanotaura zita rehanzvadzi yake.
- Vadzidzi vanotaura zita remukoma kana munin’ina wake.
- Vadzidzi vanokara mufananidzo wemhuri.
- Vadzidzi vanokara mufananidzo wemhuri.

# Hukama

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kutaura kuti baba vaamai vavo vanonzi sekuru.
b kutaura kuti hanzvadzi yababa vavo vanonzi sekuru.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 6**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mufananidzo wemhuri una sekuru, ambuya, amai, baba nevana vatatu.
- Zvinyoreso

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi navadzidzi vanoimba 'vashanu mumhuri'.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti mhuri dzakasiyana, dzimwe dzine vabereki vese, dzimwe hadzina amai, dzimwe hadzina baba uye dzimwe hadzina mai nababa vese asi kune dzimwe hama dzakaita sanatete kana ambuya nasekuru vanochengeta vana.
- Vadzidzi vanotaura mazita evanhu vekumhuri kwavo.
- Vadzidzi vanodoma mazita evanhu vari pamufananidzo.
- Vadzidzi vanoedzesera matauriro evanhu vari pamifananidzo.
- Vadzidzi vanotaura kuti vangani mumhuri mavo.
- Vadzidzi vanokara mufananidzo wababa, sekuru naambuya chete.

## Shamwari dzangu

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kutaura zita reshamwari wake.
b kutaura mutambo wavanofarira kutamba neshamwari dzavo.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera peji 7.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Zvokutambisa semabhora, zvinyoreso.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi anobatsira vadzidzi kuimba rwiyo 'pahushamwari hwedu'.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti vanhu vaunotamba navo vanonzi shamwari.
- Vadzidzi vanotaura mazita eshamwari dzavo.
- Vadzidzi vanotaura kuti shamwari dzvavo dzine makore mangani uye dzinogarepi.
- Vadzidzi vanotaura zviri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanotaura mutambo wavanoita neshamwari dzavo.
- Vadzidzi vanokara mufananidzo sezvakaitwa wakapihwa pamusoro.

## Shamwari dzangu

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kutsanangura zvirikuitika pamufananidzo.
b. kukara mufananidzo wakapihwa.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 8**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Zvokutambisa, zvidhori, mabhuku, mabharuma uye zvinyoreso.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanoimba nziyo vachitamba neshamwari dzavo.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti kunyangwe munhu achirarama nehurema anofanira kuva neshamwari nekuti hurema hautapuriranwe.
- Vadzidzi vanotaura mazita eshamwari dzavo.
- Vadzidzi vanotsanangura kunogara shamwari dzavo.
- Vadzidzi vanotaura zviri kuitika pamifananidzo.
- Vadzidzi vanokara mufananidzo wakapihwa.

## Zambiringa munyemba

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kunongedzera zambiringa munyemba.
b. kutenderedza chakasiyana nezvimwe pamutsara woga woga.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 9**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza.

Makapu, zvigubhu, mabhuku, mabhegi, zvinyoreso uye zvokutambisa.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi navadzidzi vanoimba karwiyo kanoti 'pane zvakasiyana-siyana pakati apo'.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti hazvisi zvinhu zvese zvakafanana. Chinenge chakasiyana nezvimwe chinonzi zambiringa munyemba.
- Vadzidzi vanodoma mazita ezvinhu zvavanazvovotaura zambiringa munyemba pachikwata choga choga.
- Vadzidzi vanodoma zvinhu zviri pamifananidzo votaura chakasiyana nezvimwe paboka roga roga.
- Vadzidzi vanotenderedza chakasiyana nezvimwe pamutsara woga woga.

# Zvokufambisa

## Zvinangwa zvechikamu chino

### Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:

a kudhirowa motokari.
b kudoma zvinhu zvitatu zvinoshandiswa pakufamba.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 10**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mifananidzo yemotokari, bhazi, ndege, chikepe uye zvinyoreso.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi navadzidzi vanoimba 'dudu muduri'.
- Mudzidzisi anotsanagura kuti tinezvekufambisa zvakasiyana-siyana zvakaita semotokari, bhasikoro kana ndege.
- Vadzidzi vanotaura zvokufambisa zvavanoziva uye pazvinofambira.
- Vadzidzi vanotaura zvokufambisa zvavanofarira vobva vadhirowa motokari.
- Vadzidzi vanoisa ruvara pamotokari.
- Vadzidzi vanoimba nziyo dzinotaura zvokufambira.

## Midziyo yakare

### Zvinangwa zvechikamu chino

#### Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:

a kudoma midziyo yakare mitatu.
b kutsanangura mashandisirwo anoita duri nemutswi uye tswanda.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 11**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Huyo, duri, mutswi, tswanda, rusero uye zvinyoreso

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi anotsanangura kuti kara vanhu vaiva nemidziyo yavaishandisa nekuti pakanga pasina mapoto kana migomo.
- Vadzidzi vanodoma nokutaura midziyo yekare.
- Vadzidzi vanokurukura mashandisirwo eduri nemutswi, guyo,  rusero uye tswanda.
- Vadzidzi vanokara midziyo yekare.
- Vadzidzi vanoimba nziyo dzaiimbwa kare.

## Kunyora

### Zvinangwa zvechikamu chino

#### Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:

a kudoma mazita emidziyo yomuimba yokubikira.
b kubatanidza mitsara vachidhirowa midziyo inowanikwa muimba yekubikira.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 12**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mapoto, makapu, hari, tiipoti uye zvinyoreso.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanotaura zvavakadzidza muchidzidzo chakapfuura.
- Vadzidzi vanotaura midziyo yavanoziva.
- Vadzidzi vanotaura mashandiro anoita midziyo iyi.
- Vadzidzi vanoratidza mashandiro anoita midziyo iyi.
- Vadzidzi vanobatanidza mitsara vachidhirowa midziyo miviri inowanikwa muimba yekubikira.
- Vadzidzi vanokara midziyo iyi.
- Vadzidzi vanoimba nziyo vachidoma midziyo yemumba.

## Midziyo yakare

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kudoma midziyo yakare mitatu.
b kutsanangura mashandisirwo anoita mugoti nemukombe.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 13**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mukombe, mugoti, musika, mugwaku, chigaro uye zvinyoreso.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi anotsanangura kuti kara vanhu vaiva nemidziyo yavaishandisa nekuti pakanga pasina zvigaro zvatava nazvo mazuva ano kana migwaku yepurasitiki..
- Vadzidzi vanodoma nokutaura midziyo yekare.
- Vadzidzi vanokurukura mashandisirwo emukombe, mugwaku, mugoti, musika uye chigaro.
- Vadzidzi vanokara midziyo yekare.
- Vadzidzi vanoimba nziyo dzaiimbwa kare.

# Kushambidza muviri wangu

## Zvinangwa zvechikamu chino

### Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:

a. kutaura nzira mbiri dzekushambidza miviri yavo.
b. kunanganidza mifananidzo yakafanana.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 14**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mifananidzo yemunhu arikugeza, kukwesha mazino, mafuto, mushonga wemazino, kamu uye kuzora mafuta. Zvinyoreso

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi nevadzidzi vanoimba nziyo vachitaura nzira dzekushambidza muviri wavo.
- Mudzidzisi anotsananangura kuti vanhu vanofanira kugara vakashambidzika muviri yavo kubudikidza nekugeza, kukama musoro kana kuzora mafuta.
- Vadzidzi vanotaura nzira dzekushambidza miviri yavo.
- Vadzidzi vanoratidza makweshero avanoita mazino, kugeza muviri kana kukama musoro.
- Vadzidzi vanotsanangura zviri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanonanganidza mifananidzo yakafanana.
- Vadzidzi vanokara mifananidzo yakafanana neruvara rwakafanana.

# Ruzha kubva munharaunda

## Zvinangwa zvechikamu chino

### Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:

a. kutevedzera ruzha rwezvinhu zvitatu zviri munharaunda.
b. kuita ruzha rwezvinhu zvitatu.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 15**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Shiri, motokari, mombe, zviridzwa uye zvinyoreso.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi navadzidzi vanoimba nziyo dzine ruzha.
- Vadzidzi vanotaura ruzha rwavanzwa murwiyo.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti nharaunda ine zvinhu zvinoita ruzha zvakaita semhuka, motokari kana zviridzwa.
- Vadzidzi vanonongedza zvinhu zvinoita ruzha pamifananidzo.
- Vadzidzi vanonamira mufananidzo wemotokari.
- Vadzidzi vanokara mufananidzo yezvinhu zvinoita ruzha chete.

## Ruzha rwemhuka dzepamba

### Zvinangwa zvechikamu chino

#### Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:

a. kutaura mazita emhuka ina dzinogara pamba.
b. kutevedzera ruzha rwemhuka dziri pamufananidzo mubhuku papeji 16.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 16**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mifananidzo yemombe, dhadha, mbudzi,  hwai, huku, imbwa uye zvinyoreso.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi nevadzidzi vanoimba nziyo dzinotaura nezvemhuka.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti mhuka dzinoita ruzha.
- Vadzidzi vanotevedzera ruzha runoitwa nemhuka dzepamusha.
- Vadzidzi vanotaura mazita emhuka dziri pamifananidzo vobva vaita ruzha runoitwa nemhuka dzacho.
- Vadzidzi vanokara mufananidzo wekatsi, dhadha, mbudzi uye hwai.
- Vadzidzi vanoimba nziyo dzakasiyana.

# Ruzha rwemhuka dzemusango

## Zvinangwa zvechikamu chino

### Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:

a. kutaura mazita emhuka shanu dzinogara musango.
b. kutevedzera ruzha rwemhuka dziri pamufananidzo mubhuku papeji 17.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 17**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mifananidzo yenzou, gudo, shiri, nyati,  shumba uye zvinyoreso.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi navadzidzi vanoimba nziyo dzinotaura nezvemhuka.
- Vadzidzi vanotaura zvavakadzidza pamusoro pemuka dzepamha dzinoita ruzha.
- Mudzidzisi anotsangura kuti mhuka dzinoita ruzha kunyangwe dzichigara musango.
- Vadzidzi vanotevedzera ruzha runoitwa nemhuka dzemusango.
- Vadzidzi vanotaura mazita emhuka dziri pamifananidzo vobva vaita ruzha runoitwa nemhuka dzacho.
- Vadzidzi vanokara mufananidzo weshiri chete.
- Vadzidzi vanoimba nziyo dzakasiyana.

# Chiitiko chinofadza

## Zvinangwa zvechikamu chino

### Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:

a. kuimba nziyo dzemafaro.
b. kukara mufananidzo sezvakaitwa pane wakapihwa padenga.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 18**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mifananidzo yevana vari pamafaro. Mabharuma, zvokudya nokunwa zvepamafaro uye zvinyoreso.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi navadzidzi vanoimba nziyo dzemafaro.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti pane nguva uye zviitiko zvinofadza sekupasa chikoro kana bhavhadhe.
- Vadzidzi vanotaura zviitiko zvinofadza zvavanoziva.
- Vadzidzi vanoita mutambo webhavhadhe vachiimba nziyo dzinoimbwa pabhavhadhe.
- Vadzidzi vanoimba vachitamba vachiratidza mufaro.
- Vadzidzi vanotevedzera mutambo uri mubhuku papeji 18.
- Vadzidzi vanokara vasikana sezvakaitwa pamufananidzo uri pamusoro.

## Chiitiko chinofadza

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kuimba nziyo dzepamuchato.
b. kukara mufananidzo sezvakaitwa pane wakapihwa padenga.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 19**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mifananidzo yemuchato, nhumbi dzepamuchato, mabharuma, zvokudya nokunwa zvepamafaro. Zvinyoreso

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi navadzidzi vanoimba nziyo dzemafaro.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti pane nguva uye zviitiko zvinofadza semuchato kana bhavhadhe.
- Vadzidzi vanotaura michato yavakambonzwa.
- Vadzidzi vanoita mutambo wemuchato vachiimba nziyo dzinoimbwa pamuchato.
- Vadzidzi vanoimba vachitamba vachiratidza mufaro.
- Vadzidzi vanotevedzera mutambo uri mubhuku **papeji 19**.
- Vadzidzi vanokara vasikana sezvakaitwa pamufananidzo uri pamusoro.

## Zviito zvakanaka

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kutaura nokuratidza tsika dzakanaka.
b kunongedza tsika dzakaipa.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 20**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mabhegi emari, zvokudya zvevadzidzi, mabhora, zvoutambisa uye zvinyoreso.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi navadzidzi vanoimba rwiyo vachitamba.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti pane zviito zvakanaka sokubatsira uye zviito zvakaipa sekurova vamwe.
- Vadzidzi vanotaura zviito zvakanaka uye voratidza zviito zvakanaka.
- Vadzidzi vanotaura zviito zvakaipa uye voratidza zviito zvakaipa.
- Vadzidzi vanokurukura pamusoro pemifananidzo iri papeji 20.
- Vadzidzi vanotaridza mifananidzo ine zviito zvakanaka.
- Vadzidzi vanotenderedza zvigunwe zvakanongedza pasi pose pane chiito chakaipa.

## Mhuka nevana vadzo

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kudoma mazita maviri evana vemhuka naamai vacho.
b kukara vana vemhuka.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 21**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mifananidzo yembudzi nemwana wayo, huku nemwana wayo uye imbwa nemwana wayo.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi vanoimba nziyo dzinotaura nezvemhuka.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti mhuka dzinoita vana asi dzimwe nguva mazita anenge akasiyana neanamai vacho sokuti huku nenhiyo.
- Vadzidzi vanotaura mazita emhuka neevana vadzo.
- Vadzidzi vanonongedza mhuka pamifananidzo vofananidza nevana vadzo.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti pamutsara wega wega pane amai nemwana wayo neimwe mhuka isiri yepo.
- Vadzidzi vanokara mwana wemhuka imwe neimwe mumutsara wega wega.
- Vadzidzi vanoimba nziyo dzinotaura pamusoro pemhuka.

# Zvandinofarira

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kutaura zvavanofarira kuita kana vari kuchikoro.
b. kukara mufananidzo mumwe chete wavanofarira.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 22**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Zvokutambisa zvekuchikoro, zvidhori, mifananidzo yevana varikutamba uye zvinyoreso.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanoimba vachitamba nekuombera.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti vadzidzi vanofanira kuwana nguva yekutamba kuchikoro uye kumba kwavo.
- Vadzidzi vanotaura zvavanofarira kuita kana vari kumba.
- Vadzidzi vanotaura zvavanofarira kuita kana vari kuchikoro.
- Vadzidzi vanokara mufananidzo mumwe chete wezvavanofarira kuita.
- Vadzidzi vanotamba nezvekutambisa kuchikoro.

## Mabatirwo ezvinyoreso

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kubata chinyoreso zvakanaka.
b kupedzisa kunyora mapeteni.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 23**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Zvinyoreso, chati rakanyorwa mapeteni.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi anoimba rwiyo navadzidzi.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti tinonyora kubva kuruboshwe tichienda kurudyi.
- Vadzidzi vanonyora mapeteni mumhepo.
- Vadzidzi vanotevedzera mapeteni nezvigunwe.
- Vadzidzi vanopedzisa mapeteni akanyorwa **papeji 23**.

## Mabatirwo ezvinyoreso

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kubatanidza madodzi nechinyoreso.
b kukara muti nemakore.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 24**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Zvinyoreso, mifananidzo yemakore nemuti.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanonongedzera kumusoro nepasi.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti tinonyora kubva kumusoro tichienda kuzasi.
- Vadzidzi vanonyora mapeteni kubva kumusoro vachienda kuzasi nechigunwe.
- Vadzidzi vanotaura zviri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanobatanidza madodzi kubva kumusoro vachidzika pasi.
- Vadzidzi vanokara makore nemuti.

# Mapateni

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kubata chinyoreso zvakanaka.
b kubatanidza madodzi emapeteni.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 25**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Zvinyoreso, chati rakanyorwa mapeteni.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi navadzidzi vanoimba nziyo vachitamba.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti tinonyora kubva kuruboshwe tichienda kurudyi.
- Vadzidzi vanonyora mapeteni mumhepo.
- Vadzidzi vanotevedzera mapeteni nezvigunwe.
- Vadzidzi vanobatanidza mapeteni akanyorwa **papeji 25**.

# Mapateni

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kunyora mapeteni kubva kuruboshwe kuenda kurudyi.
b kupedzisa kunyora mapeteni.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 26**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Zvinyoreso, chati rakanyorwa mapeteni.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi anoimba rwiyo navadzidzi.
- Vadzidzi vanotaura zvavakadzidza pamusoro pemapeteni.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti tinonyora kubva kuruboshwe tichienda kurudyi.
- Vadzidzi vanonyora mapeteni mumhepo.
- Vadzidzi vanotevedzera mapeteni nezvigunwe.
- Vadzidzi vanopedzisa mapeteni akanyorwa **papeji 26**.

# Mapateni

## Zvinangwa zvechikamu chino

### Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:

a. kunyora mapeteni pamazai.
b. kuverenga mazai ari pamifananidzo.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 27**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mifananidzo yemazai akanyorwa mapeteni. Zvinyoreso zvine ruvara rwakasiyana.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanoimba nziyo vachibatsirwa nemudzidzisi.
- Vadzidzi vanodoma zvinhu zviri pamifananidzo.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti mazai aya anoda kupedziswa zvinoyevedza nemapeteni akanyorwa neruvara rwakasiyana-siyana.
- Vadzidzi vanonyora mapeteni pamazai vachishandisa makara akasiyana.

## Kuverenga

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kunamira mufananidzo wepoto.
b kutsanangura kuti zai rinoshandiswei.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 28**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mazai, maruva, mapoto.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzizisi navadzidzi vanoimba 'dudu muduri'.
- Mudzidzisi anopa vadzidzi mifananidzo yakasiyana-siyana.
- Vadzidzi vanodoma zviri pamifananidzo.
- Vadzizi vanotsanangura kuti zvinhu zvacho zvinoshanda sei.
- Vadzidzi vanonamira mufananidzo wepoto kubva kupeji yezvinamirwa.
- Vadzidzi vanotaura chavanofarira pamifananidzo uye ruvara rwacho.

## Zvifambiso

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kudoma zvinhu zviviri zvatinoshandisa pakufamba.
b kukara mufananidzo wechifambiso chavanofarira.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 29**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mifananidzo yemotokari, mabhazi, zvikepe, ndege, mabhiza, madhongi uye zvinyoreso.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanoimba 'dudu muduri' vachidoma zvokufambisa.
- Mudzidzisi vanotsanangura kuti kune zvifambiso zvakasiyana uye zvinofamba pakasiyana sokuti bhazi nemotokari zvinofambira munzira asi ndege nechikopokopo zvinofambira mumhepo.
- Vadzidzi vanodoma zvifambiso zvavanoziva votaura kuti zvinofambira pai.
- Vadzidzi vanotaura mazita ezvifambiso zviri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanoisa ruvara pamufananidzo wavanofarira.

## Kunyora

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kunamira mufananidzo wavo.
b kutaura zita nemakore avo.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 30**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mifananidzo yevadzidzi. Namo.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanoimba nziyo vachitaura mazita avo.
- Mudzidzi navadzidzi vanotaura mazita avo.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti vadzidzi vose vanofanira kunamira mifananidzo wavo vachishandisa namo.
- Vadzidzi vanotaura mazita avo nemakore avo.
- Vadzidzi vanonamira mifananidzo yavo mubhuku.

## Chikoro chedu

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kutaura zita rechikoro chavo.
b kutaura nyaya pamusoro pemifananidzo yakapihwa.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 31**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Chikoro chenyu. Mufananidzo uri **papeji 31**.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi anoimba 'hande kuchikoro' pamwe chete nevadzidzi.
- Vadzidzi vanotaura zita rechikoro chavo.
- Vadzidzi vanotaura zvavanofarira pachikoro chavo.
- Vadzidzi vanotaura zita rechikoro chavo.
- Vadzidzi vanofamba panze vachitaura zviri pachikoro chavo.
- Vadzidzi vanotsanangura mufananidzo wevadzidzi vari kutamba pachikoro.
- Vadzidzi vanotamba nezvifambiso muchikoro.

# Imba yedu

## Zvinangwa zvechikamu chino

### Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:

a. kutsanangura zvakaita musha wavo.
b. kupfirira imba iri pamufananidzo vachishandisa huswa.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 32**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mavhu, namo, minhenga yehuku, huswa uye zvinyoreso.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi nevadzidzi vanoimba rwiyo vachitamba.
- Vadzidzi vanotaura kwavanogara.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti dzimba dzimwe dzinopfirirwa nehuswa.
- Vadzidzi vanotaura kunowanikwa dzimba dzinopfirirwa nehuswa.
- Mudzidzisi anobatsira vadzidzi kupfirira nekuisa ruvara paimba iri mubhuku.
- Vadzidzi vanoratidza vamwe vadzidzi basa ravaita.

Chikamu

2

# Kushandisa mutauro

## Kushandisa mutauro

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kukwazisa munhu mukuru manheru.
b kutaura nyaya kubva pamifananidzo.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera peji 33.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mifananidzo inoratidza vanhu vachiita zvinhu zvakasiyana-siyana.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi vanobatsira vadzidzi kuimba rwiyo runotaura nezvenguva.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti vanhu vanomhoresana zvakasiyana zvichienderana nenguva sokuti mamuka sei kana maswera sei.
- Vadzidzi vanotaura makwazisiro avanoita vamwe kana asi mangwanani, masikati kana manheru.
- Vadzidzi vanotsanangura zviri pamifananidzo votaura nyaya dziri kuitika pamifananidzo.
- Vadzidzi vanoimba nziyo pamusoro pekwaziso.

## Kwaziso ine rukudzo

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kuratidza kwaziso ine rukudzo.

**b** kukara mufananidzo semapihwirwo awakaitwa.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 34**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mifananidzo yemwana akapfugama achimhoresa vakuru. Mufananidzo wemwana mudiki ari kuombera achimhoresa vakuru.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi anobvunza vadzidzi nezvavakadzidza muchidzidzo chakapfuura.
- Vadzidzi vanoimba nziyo vachidoma mazita evanhu vemumba mavo.
- Vadzidzi vanodoma vanhu vakuru vavanoziva.
- Vadzidzi vanoratidza kuti vanhu vakuru vanokwaziswa sei zvine rukudzo.
- Vadzidzi vanokara mifananidzo sezvayaitwa pamifananidzo iripo pamusoro.

# Tsvaga pane musiyano

## Zvinangwa zvechikamu chino

### Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:

**a** kudoma zvakasiyana pamifananidzo yakapihwa.
**b** kutsanangura ruvara rwenhumbi dzakapfekwa nevadzidzi.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 35**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mifananidzo yakafanana neyakaiswa **papeji 35**.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi navana vanoimba ‘pane zvakafanana pakati apo’.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti vadzidzi vanofanira kutaura zvakafanana uye zvakasiyana pamifananidzo miviri yakapihwa.
- Vadzidzi vanodoma zvakafanana pamifananidzo yacho.
- Vadzidzi vanotsanangura zvakasiyana pamifananidzo yakapihwa.

# Kukumbira

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kukumbira zvine rukudzo.
b. kutambira zvine rukudzo.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 36**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mari, zvokutambisa, zvinyoreso zvine ruvara.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanoimba nziyo vachitamba.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti vadzidzi kana vachikumbira zvinhu kana kutambira zvinhu vanofanira kuzviita zvine rukudzo.
- Vadzidzi vanotaura nzira dzekukumbira dzine rukudzo.
- Vadzidzi vanotaridza kukumbira kune rukudzo uye kutanga vaombera vasati vatambira zvavari kupihwa.
- Vadzidzi vanokara mufananidzo sezvakaitwa pamufananidzo wakapihwa.

# Mazita ezvinhu

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kudoma mazita ezvinhu zvitatu zviri pamufananidzo.
b. kunamira chingwa kubva kupeji yemifananidzo.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 37**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mifananidzo yebanga, demo, motokari, poto, chingwa, bhegi.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi navadzidzi vanoimba nziyo dzekuverenga.
- Vadzidzi vanotaura zvinhu zvavanoziva.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti chinhu chose chine zita rachinodaidzwa naro.
- Vadzidzi vanodoma mazita ezvinhu zviri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanotaura zvinoshandiswa zvinhu zviri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanonamira mufananidzo wechingwa kubva kupeji yemifananidzo.

# Kunanganidza zvakafanana

## Zvinangwa zvechikamu chino

### Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:

a. kunanganidza zvakafanana.
b. kukara zvakafanana.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 38**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mabhodhoro, mabhuku, mkapu uye zvinyoreso.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanotaura zvavanofarira.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti zvinhu zvinogona kufanana sokuti makapu anogona kuita ruvara rwakafanana.
- Vadzidzi vanotaura zvinhu zvakafanana zvavanazvo.
- Vadzidzi vanotaura zvinhu zvakafanana pamifananidzo.
- Vadzidzi vanonanganidza mifananidzo yakafanana.
- Vadzidzi vanokara zvinhu zvakafanana neruvara rwakafanana.

# Midziyo

## Zvinangwa zvechikamu chino

### Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:

a. kudoma mazita emidziyo yakapihwa.
b. kunanganidza zvakafanana pahukuru.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 39**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Hari, mukombe uye zvinyoreso.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanoimba nziyo dzakare.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti kare vanhu vaishandisa mukombe kuchera mvura uye vaicherera mvura muhari inonzi gate.
- Vadzidzi vanonongedza hari nemukombe.
- Vadzidzi vanobatanidza hari dzine hukuru hwakafanana.
- Vadzidzi vanobatanidza mikombe yakaenzana pahukuru.

# Taura nokuvarenga mifananidzo

## Zvinangwa zvechikamu chino

### Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:

a. kuverenga neChiShona kusvika panhatu.
b. kuimba nziyo dzemanhamba.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 40**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mifananidzo pamakadhi ine imbwa imwe chete, mbudzi mbiri, huku nhatu, hwai ina, mombe shanu uye zvinyoreso.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi navadzidzi vanoimba 'madhadha gumi'.
- Vadzidzi vanoverenga zvigunwe neChiShona.
- Mudzidzisi anobatsira vadzidzi kuimba nziyo vachiverenga zvigunwe.
- Vadzidzi vanoverenga mhuka dzakaiswa mumutsara wega wega.
- Vadzidzi vanokara mbudzi nemombe.
- Vadzidzi vanoimba nziyo dzekuverenga manhamba.

# Kuverenga mifananidzo

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kuverenga mashizha ari muchikwata.
b. kuverenga makapu ari muchikwata.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 41**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Makadhi ane huku imwe chete, maranjisi maviri, zvihwitsi zvitatu, makapu mana uye mashizha mashanu.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanoimba nziyo dzekuverenga.
- Vadzidzi vanoverenga kubva paposhi kusvika pashanu.
- Vadzidzi vanoverenga zvigunwe muChiShona.
- Vadzidzi vanoita mitambo vachiverenga manhamba.
- Vadzidzi vanounganidza zvinhu muzvikwata kubva pana poshi, piri, tatu, ina kusvika shanu.
- Vadzidzi vanoimba nziyo dzekuverenga manhamba.

# Ndechipi chinotevera

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kutaura ruvara ruchatevera papateni yakapihwa.
b. kukara mifananidzo inotevera neruvara rwakapihwa.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 42**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Zvokutambisa zvine ruvara rwakasiyana uye zvinyoreso.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi anoimba nziyo achitamba nevadzidzi.
- Vadzidzi vanotaura ruvara rwavanoziva.
- Vadzidzi vanoronga zvinhu vachiisa zvine ruvara rwakasiyana vachigadzira pateni.
- Vadzidzi vanotaura ruvara rwune zvinhu zvakaita pateni mubhuku.
- Vadzidzi vanokara chinotevera vachitevedzera mapateni aripo.

# Manhamba

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kuverenga mazai ari muchikwata.
b kuverenga nokunyora manhamba pachikwata choga choga.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 43**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Makadhi ane datya rimwe chete, katsi mbiri, ngowani nhatu, mifananidzo yezuva mina, uye mazai mashanu.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanoimba nziyo dzekuverenga.
- Vadzidzi vanoverenga kubva paposhi kusvika pashanu.
- Vadzidzi vanoverenga zvigunwe muChiShona.
- Vadzidzi vanoita mitambo vachiverenga manhamba.
- Vadzidzi vanounganidza zvinhu muzvikwata kubva pana poshi, piri, tatu, ina kusvika shanu.
- Vadzidzi vanoverenga zvinhu zviri muchikwata choga choga vonyora nhamba yacho parutivi.
- Vadzidzi vanoimba nziyo dzekuverenga manhamba.

## Kuverenga michero

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kuverenga mabhanana ari muchikwata.
b. kunamira maranjisi kubva kupeji yemaranjisi.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 44**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Makadhi ane michero.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanoimba nziyo dzekuverenga.
- Vadzidzi vanoverenga kubva paposhi kusvika pashanu.
- Vadzidzi vanoverenga zvigunwe muChiShona.
- Vadzidzi vanoita mitambo vachiverenga manhamba.
- Vadzidzi vanonamira mifananidzo yemaranjisi.
- Vadzidzi vanounganidza zvinhu muzvikwata kubva pana poshi, piri, tatu, ina kusvika shanu.
- Vadzidzi vanoimba nziyo dzekuverenga manhamba.

## Wirirano yezita nechiito

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kutsanangura mufananidzo vachishandisa mitsara yakazara.
b. kukara mifananidzo zvakanaka.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 45**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Zvinyoreso, zviridzwa, zvigaro uye mabhuku.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi nevadzidzi vanoimba nziyo vachitamba nekuombera.
- Vadzidzi vanotaura zvavanofarira kuita.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti pane mazwi anobatanidza mamwe mazwi pamitsara sokuti ‘baba vanotema huni **ne**demo’.
- Vadzidzi vanotsanangura zviri pamifananidzo vachishandisa mitsara yakazara.
- Vadzidzi vanokara mifananidzo yakapihwa **papeji 45**.

Chikamu

3

# Maumbirwo emutauro

## Midziyo yemumba

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kutaura mazita emidziyo miviri yakare nemiviri yazvino.
b. kunamira mufananidzo wemuchiso.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 46**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Hari, mukombe, mutswi neduri, guyo nehuyo, tswanda, chitofu, muchiso, jagi uye zvinyoreso.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi nevadzidzi vanoimba nziyo dzakare.
- Mudzidzisi anotsanangura kuvadzidzi kuti kare kare vanhu vainge vasina zvitofu vaibika nemoto vakaisa mapfihwa. Kwaiva kusina michina inogaya hupfu kana nzungu asi vanhu vaishandisa duri nemutswi kutswa chibage kana nzungu vozozvikuya paguyo vowana hupfu kana dovi.
- Vadzidzi vanotaura midziyo yemumba yakare uye kuti inoshandeyi.
- Vadzidzi vanodoma midziyo yemumba yazvino zvino votsanangura zvavanoshandisa midziyo yacho.
- Vadzidzi vanokara mifananidzo yemidziyo yemumba yakare kare.
- Vadzidzi vanonamira mufananidzo wemuchiso kubva kupeji yemifananidzo.

# Zvinhu zvinowanikwa kuchikoro

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kudoma zvinhu zvitatu zvinowanikwa pachikoro.
b. kubatanidza madodzi ari pahosho.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 47**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Zvinyoreso, mabhuku, zvigaro, matafura uye hosho.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi navadzidzi vanoimba nziyo dzekuchikoro.
- Mudzidzisi anobvunza vadzidzi kuti vanoshandisei kuchikoro.
- Vadzidzi vanodoma zvinhu zvavanoshandisa kuchikoro uye kuti zvinoshandiswei.
- Vadzidzi vanoisa mumapoka anoti mabhuku, zvinyoreso, midziyo kana zviridzwa.
- Vadzidzi vanobatanidza madodzi ari pahosho.
- Vadzidzi vanokara mifananidzo yakapihwa.
- Vadzidzi vanoimba nziyo dzinoimbwa kuchikoro.

# Mhuka dzepamba

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kudoma mhuka nhatu dzepamba.
b. kukara mhuka isingadyiwe.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 48**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza.

Mifananidzo yedhongi, dhadha, nguruve, huku, mombe, imbwa uye zvinyoreso.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi nevadzidzi vanoimba nziyo dzinotaura pamusoro pemhuka.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti kune mhuka dzinogara pamba nemhuka dzinogara musango.
- Vadzidzi vanodoma mhuka dzinogara pamba.
- Vadzidzi vanokurukura zvavanowana kubva kumhuka sokuti tinowana mazai kubva kuhuku.
- Vadzidzi vanodoma mazita emhuka dziri **papeji 48** votaura dzinodyiwa nedzisingadyiwe.
- Vadzidzi vanokara mhuka dzisingadyiwe.
- Vadzidzi vanotaura mitsara vachishandisa mazita emhuka dziri pamifananidzo sokuti **tinodya nyama yehuku.**
- Vadzidzi vanoimba nziyo dzinotaura nezvemhuka.

# Mhuka dzepamba

## Zvinangwa zvechikamu chino

### Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:

a. kudoma mazita emhuka nepadzinogara.
b. kunamira mufananidzo wetoki.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 49**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mifanidzo yemombe, toki, shiri, imbwa, chikwere, danga, dendere uye zvinyoreso.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi nevadzidzi vanoimba pamusoro pemhuka.
- Vadzidzi vanotaura mhuka dzepamba dzavanoziva.
- Vadzidzi vanodoma panogara mhuka kudzimba kwavo.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti mhuka dzose dzine padzinogara uye padzinogara pane mazita sokuti mombe dzinogara mudanga.
- Vadzidzi vanodoma mazita emhuka dzakapihwa **papeji 49**.
- Vadzidzi vanokara mufananidzo wemombe.
- Vadzidzi vanonamira mufananidzo wetoki kubva kupeji yemifananidzo.
- Vadzidzi vanonanganidza mhuka nepainogara.
- Vadzidzi vanoimba nziyo dzinotaura nezvemhuka.

## Mhuka dzemusango netsananguro

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kudoma mhuka nhatu dzemusango.
b kukara kamba nemhembwe.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 50**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mifananidzo yemhembwe, kamba, garwe, mbizi, ingwe, gora uye zvinyoreso

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi nevadzidzi vanoimba nziyo dzinotaura pamusoro pemhuka.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti kune mhuka dzinogara pamba nemhuka nedzinogara musango.
- Vadzidzi vanodoma mhuka dzinogara musango.
- Vadzidzi vanokurukura zvinodyiwa uye panogara mhuka dzesango dziri pamifananidzo pa**peji 50**.
- Vadzidzi vanodoma mazita emhuka iri pa**peji 50** votaura inodyiwa neisingadyiwe.
- Vadzidzi vanokara kamba nemhembwe.
- Vadzidzi vanonamira mufananidzo wegarwe.
- Vadzidzi vanoimba nziyo dzinotaura nezvemhuka.

## Taura zvinhu zvinoenderana

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kudoma mazita ezvinhu zvishanu zviri pamifananidzo.
b kuisa denderedzwa pachinhu chinoenderana nechiri pekutanga.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 51**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mifananidzo yenyuchi, chikepe, imbwa, ruva, shiri, bhonzo, dendere, katsi, tirauzi, motokari, nhumbi, bhuku uye zvinyoreso.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi navadzidzi vanoimba nziyo dzemufaro.
- Vadzidzi vanotaura zvavarikuona muchikoro.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti zvinhu zvose zvinofamba zviri zvikwata sokuti chibage nenzungu zvinonzi zvirimwa uye mugoti nepoto zvinofambirana.
- Vadzidzi vanokurukura pamusoro pezvinhu zviri mumutsara woga woga.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti vadzidzi vanofanira kuisa denderedzwa pachinhu chinoenderana nechiri pekutanga.
- Vadzidzi vanonamira mufananidzo weimbwa.
- Vadzidzi vanoita basa ravo sekurairwa kwavanoitwa nemudzidzisi.

# Taura zvinhu zvisingaenderane

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kudoma mazita ezvinhu zvishanu zviri pamifananidzo.
b. kuisa denderedzwa pachinhu chisingaenderane nezvimwe.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 52**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mifananidzo yeepuru, bhanana, ranjisi, mugomo, motokari, rori, bhasikoro, huku, hanga, bhurokori (muriwo) uye zvinyoreso.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi navadzidzi vanoimba nziyo dzemufaro vachiimba vachitamba.
- Mudzidzisi vanotsanangura kuti zvinhu zvose zvinofamba zviri zvikwata sokuti chibage nenzungu zvinonzi zvirimwa asi takazoisa ranjisi rinenge risisafambirane nezvimwe nokuti ranjisi muchero.
- Vadzidzi vanokurukura pamusoro pezvinhu zviri mumutsara woga woga.

- Mudzidzisi anotsanangura kuti vadzidzi vanofanira kuisa denderedzwa pachinhu chisingaenderane nechiri pekutanga.
- Vadzidzi vanonamira mufananidzo wehanga.
- Vadzidzi vanoimba nziyo pamwe chete nemudzidzisi.

## Kutsanangura zvinhu / Mamiriro ezvinhu

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kukwanisa kunamira mufananidzo wemusikana ari kuchovha bhasikoro.
b. kutevedzera zviito zvitatu zviri pamifananidzo.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 53**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mifananidzo yevadzidzi varikudya, kunyora uye kuverenga, musikana ari kuchovha bhasikoro uye baba naamai varikurima.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi navadzidzi vanotamba kamutambo kadiki.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti vadzidzi vachatsanangura nokutevedzera zviri kuitwa pamifananidzo.
- Vadzidzi vanotsanangura zviri kuitwa pamifananidzo.
- Vadzidzi vanonamira mufananidzo wemusikana ari kuchovha bhasikoro.
- Vadzidzi vanotevedzera zviri kuitwa pamifananidzo.
- Vadzidzi vanoita kamutambo vachitevedzera mifananidzo yakapihwa.

## Kutsanangura zviri pamifananidzo

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kukara mufananidzo muhombe.
b. kutaura musiyano pakati pemifananidzo yakapihwa.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 54**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mifananidzo yemiti mihombe nemidiki. Mufananidzo wemukomana muhombe nemusikana mudiki uye zvinyoreso.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanoimba nziyo dzinotaura hukuru.
- Mudzidzisi anotaura kuti zvinhu zvinogona kufanana zvimwe zvese asi zvosiyana hukuru kana hudiki.
- Vadzidzi vanodoma zvinhu zviri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanotsanangura musiyano wezvinhu zvakapihwa.
- Vadzidzi vanokara mifananidzo yezvinhu zvihombe chete.

# Kutsanangura mifananidzo

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kutaura zvakasiyana pamifananidzo yakapihwa nezvavanoziva.
b kukara mifananidzo yakapihwa.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 55**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mufananidzo wehuku uye mufananidzo wehuku ine nyanga. Mufananidzo weimba. Mufananidzo weimba ine makumbo uye zvinyoreso.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi nemudzidzisi vanoimba nziyo dzekare.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti vadzidzi vanofanira kuona zvakasiyana / zvakaresveka pamifananidzo iripo sokuti vakaona hove ine makumbo zvinenge zvisirizvo zvinofanira kuitika.
- Vadzidzi vanoongorora mifananidzo yakapihwa.
- Vadzidzi vanotsanangura zvakasiyana pamifananidzo yavakapihwa.
- Vadzidzi vanokara mifananidzo yakapihwa.

## Chinhu chiri pai?

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kutsanangura nzvimbo ine zvinhu.
b. kunamira mabhuku pamusoro petafura kubva kupeji yemifananidzo.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 56**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Zvigaro, matafura uye mabhuku.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi nevadzidzi vanoimba nziyo dzinotaura nzvimbo.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti zvinhu zvinoiswa panzvimbo dzakasiyana sokuti pamusoro petafura kana pasi petafura.
- Vadzidzi vanoisa zvinyoreso, mabhuku kana mabhora pamusoro kana pasi petafura kana chigaro zvichienderana nezvataurwa nemudzidzisi.
- Vadzidzi vanotaura kuti mbatya dziri pamufananidzo dziri pai.
- Vadzidzi vanonamira mabhuku pamusoro petafura.

## Mazwi ekuita

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kutsanangura zviri kuitika pamifananidzo.
b. kutevedzera zviri kuitwa pamifananidzo.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 57**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Bhora, mapoto, zvipunu, zvokuvakisa vachitamba, ndiro uye zvinyoreso.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi navadzidzi vanoimba nziyo.
- Mudzidzisi anoudza vadzidzi kuti vachadzidza pamusoro pezvavanofarira kuita.
- Vadzidzi vanotaura zvavanofarira kuita panguva yavo yekutamba.
- Vadzidzi vanotsanangura zviri kuitika pamifananidzo.
- Vadzidzi vanotevedzera zviri kuitwa pamifananidzo.
- Vadzidzi vanokara mifananidzo iri **papeji 57**.

# Kutsanangura zvinhu zvakasiyana

## Zvinangwa zvechikamu chino

### Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:

a) kutsanangura zvinhu zvakasiyana.
b) kutsanangura zvinhu nezera razvo.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 58**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mifananidzo yenzou, tsuro, zvigaro, matafura, mabhegi, kamba kadiki, zimba zihombe uye zvinyoreso.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi navadzidzi vanoimba nziyo dzechikoro.
- Mudzidzisi anaoudza vadzidzi kuti mhuka kana zvhinhu zvose zvinosiyana hukuru.
- Vadzidzi vanonongedzera zvigaro zvihombe nezvidiki, mabhegi mahombe nemadiki, mabhuku mahombe kana madiki.
- Vadzidzi vanokurukura pamusoro pemhuka inorema neisingareme.
- Vadzidzi vanokara imba diki nemhuka diki.

# Chikamu 4 Nhau, nyaya nengano

## Mutambo webhora

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kutsanangura mutambo wenhabvu.
b. kutaura nyaya pamusoro pemufananidzo wakapihwa.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 59**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mifananidzo yevanhu varikutamba bhora, bhora uye zvinyoreso.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi anotsanangura kuti kune mitambo yebhora yakawanda inotambwa nevanhu.
- Vadzidzi vanotaura mitambo yebhora yavanofarira.
- Vadzidzi vanotsanangura zvinhu zviri pamufananidzo wakapihwa.
- Vadzidzi vanotaura matambirwo, mitemo uye zvinopfekwa pamutambo wenhabvu.
- Vadzidzi vanokara mufananidzo wakapihwa.

## Ngano

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kutaura ngano inonzwika kwainotangira nepainoperera.
b. kukara mufananidzo sezvakaita wakapihwa pamusoro.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 60**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mufananidzo wevana vakagara vachiudzwa ngano uye zvinyoreso.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi anoimba nziyo pamwe chete nevadzidzi.
- Vadzidzi vanoimba vachitamba.
- Mudzidzisi anoudza vadzidzi ngano.
- Vadzidzi vanotaura zviri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanotaura ngano.
- Vadzidzi vanokara mufananidzo vachitevedzera wakapihwa.

# Nyaya yekubatsira

## Zvinangwa zvechikamu chino

### Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:

a. kutaura nzira mbiri dzekubatsira nadzo vamwe.
b. kutaura nyaya pamusoro pemifananidzo yakapihwa.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 61**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Tsvimbo, mabhegi uye zvinyoreso.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi anoimba pamwe chete nevadzidzi nziyo dzekubatsirana.
- Vadzidzi vanotaura zvinhu zvakanaka zvavanofanira kuitira vamwe.
- Vadzidzi vanotsanangura zviri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanotaura zvakanakira kubatsira vamwe.
- Vadzidzi vanoita kamutambo vachibatsira vanhu vanenge vachida kubatsirwa kutakura zvinorema.
- Vadzidzi vanokara mifananidzo yakapihwa.

## Makundano pachikoro

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kutaura zita remutambo wakaiswa pamifananidzo.
b. kuratidzira kutamba mutambo webhora.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 62**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Bhora, yunifomu dzemutambo webhora uye zvinyoreso.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi nevadzidzi vanoimba nziyo vachitamba.
- Vadzidzi vanotaura mitambo yavanoziva.
- Vadzidzi vanodoma mutambo webhora uri pamufananidzo.
- Vadzidzi vanotaura zita remutambo wakaiswa pamufananidzo.
- Vadzidzi vanotamba mutambo webhora vachiita makundano.
- Vadzidzi vanokara mifananidzo yemhuka neimba diki.

## Taura zviri kuitika

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kubatanidza madodzi pamifananidzo yakapihwa.
b. kutaura ngano kubva pamifananidzo yakapihwa.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 63**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mifananidzo yevanhu vari kuita mabasa epamusha. Ndiro, mvura, mutsvairo uye zvinyoreso.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi nevadzidzi vanoimba nziyo dzevanhu vanoita mabasa.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti vanhu vanoita mabasa pamusha akasiyana-siyana sekufudza mombe kana kubika.
- Vadzidzi vanobatanidza madodzi pamifananidzo yakapihwa.
- Vadzidzi vanotsanangura zviri kuitwa pamifananidzo.
- Vadzidzi vanotevedzera mabasa akaiswa pamifananidzo.
- Vadzidzi vanokara mifananidzo yepamusha.

# Kutevedzera zvokuita

## Zvinangwa zvechikamu chino

### Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:

a kunamira mufananidzo wemusikana ari kumhanya newemukomana agere pachigaro.
b kuteedzera zviri pamifananidzo.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 64**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mifananidzo yevadzidzi vakapfeka mayunifomu nomurairidzi wavo.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi nevadzidzi vanoimba 'Hande kuchikoro'.
- Vadzidzi vanotaura zita rechikoro chavo uye zita remudzidzisi wavo.
- Vadzidzi vanotaura zviri pamifananidzo mubhuku revadzidzi **peji 64**.
- Vadzidzi vanonamira mufananidzo wemusikana ari kumhanya newemukomana agere pachigaro.
- Vadzidzi vanotsanangura panoshanda mifananidzo yakapihwa.
- Vadzidzi vanoteedzera zviri pamifananidzo.

## Zvandinonzwa

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kudoma chiso chinoratidza kufara.
b kunongedza chiso chinoratidza kuchema.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 65**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mifananidzo yezviso zviri kufara, kuchema kana kusuwa uye zvinyoreso.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi nevadzidzi vanoimba nziyo dzinofadza nedzinochemedza.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti panoitika zvinhu zvakawanda zvimwe zvinofadza asi zvimwe zvinosuwisa.
- Vadzidzi vanotaura zvinhu zvinofadza nezvimwe zvinosuwisa.
- Vadzidzi vanotaura zvavarikuona pamifananidzo.
- Vadzidzi vanotsanangura zviri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanokurukura zviri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanokara chiso chavanoda.
- Vadzidzi vanoimba nziyo.

Chikamu

# 5 Tsika nemagariro

## Zvokudya zvemuZimbabwe

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kunamira mufananidzo wederere.
b kutaura mabikirwo anoitwa nzungu.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 66**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Mifananidzo yembambaira, nzungu, madhumbe, magogoya, sadza rezviyo uye nyama yehuku dzekumusha.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi nevadzidzi vanoimba nziyo dzechinyakare.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti tine zvokudya zvakagara zvichidyiwa nevanhu vekare kare zvakaita senyama yemhembwe, tsuro dzemusango, mbambaira kana sadza rezviyo.
- Vadzidzi vanotaura zvokudya zvavanoda zvemuZimbabwe.
- Vadzidzi vanonamira mufananidzo wederere.
- Vadzidzi vanodoma zvokudya zviri pamufananidzo.
- Vadzidzi nomurairidzi vanokurukura pamusoro pemabikirwo anoitwa zvokudya zviri pamufananidzo.

## Michero yemuZimbabwe

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kunamira mufananidzo wemawuyu.
b kutaura michero mitatau yemuZimbabwe.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera peji 67.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Masawu, mawuyu, matohwe, tsvanzva, nhunguru uye tsubvu.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanoimba 'Dudu muduri' vachiimba mazita emichero yemuZimbabwe.
- Vadzidzi vanotaura michero yavanoziva.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti pane michero inowanikwa musango isingadyarwe inomera yega kubva kare munyika yeZimbabwe yakaita sematohwe.
- Vadzidzi vanotaura michero yavanoziva yemuZimbabwe.
- Vadzidzi vanodoma michero iri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanonamira mufananidzo wemawuyu kubva kupeji yemifananidzo.
- Vadzidzi vanotsanangura madyirwo anoitwa michero yemuZimbabwe.
- Vadzidzi vanoimba nziyo dzekare.

## Midziyo yekuimbisa

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kudoma midziyo yekuimbisa mitatu.
b kubatanidza madodzi epamidziyo yekuimbisa.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera peji 68.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Ngoma, hosho, bhosvo, mbira, marimba uye zvinyoreso.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi nevadzidzi vanoimba nziyo dzinotaura pamusoro pemidziyo yekuimbisa.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti tine midziyo yakasiyana yatinoshandisa pakuimba yakaita sembira kana magitare.
- Vadzidzi vanodoma mazita emidziyo yekuimbisa iri pamifananidzo iyi.
- Vadzidzi vanobatanidza madodzi epazviridzwa zviri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanokara mifananidzo.
- Vadzidzi vanoridza zviridzwa zvakasiyana vachiimba.

# Midziyo yekuimbisa

## Zvinangwa zvechikamu chino

### Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:

a. kudoma zviridzwa zvitatu zvemuZimbabwe.
b. kukara mifananidzo yakapihwa.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 69**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Ngoma, hosho, bhosvo, mbira, marimba uye zvinyoreso.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi nevadzidzi vanoimba nziyo dzinotaura pamusoro pemidziyo yekuimbisa.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti tine midziyo yakasiyana yatinoshandisa pakuimba yakaita sembira dzemudeze nengoma nehosho.
- Vadzidzi vanodoma mazita ezviridzwa zviri pamifananidzo iyi.
- Vadzidzi vanotaura zvakashandiswa kugadzira zviridzwa zvakaita sedeze rinogadziriswa mbira kana dehwe rinogadziriswa ngoma.
- Vadzidzi vanokara mifananidzo.
- Vadzidzi vanoridza zviridzwa zvakasiyana vachiimba.

## Zviridzwa zvemuZimbabwe

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo chino, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kudoma zviridzwa zvemuZimbabwe.
b kukara mifananidzo.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD B bhuku rekunyorera **peji 70**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

Ngoma, hosho, bhosvo, mbira, gitare, marimba uye zvinyoreso.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi nevadzidzi vanoimba nziyo dzinotaura pamusoro pemidziyo yekuimbisa.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti tine midziyo yakasiyana yatinoshandisa pakuimba yakaita sehosho kana magitare.
- Vadzidzi vanodoma mazita emidziyo yekuimbisa iri pamifananidzo iyi.
- Vadzidzi vanoita ruzha rwezvinhu zviri pamifananidzo **papeji 70**.
- Vadzidzi vanokara mifananidzo.
- Vadzidzi vanoridza zviridzwa zvakasiyana vachiimba.